IэщIагъэм драгъэхьэх

2-нэ нап.

Кхъухьлъатэзехуэ хахуэм и фэеплъыр мыкIуэдыжынущ

3-нэ нап.

Блий Iэюбрэ Быф Идаррэ я щIыхькIэ къэрал ныпыр яIэт

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ ди газетым Iэ тевдзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№144 (24.894) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 2, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Анэм и махуэм и щIыхькIэ

Анэм и махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек сабий куэд зиIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис цIыхубзхэм «Анэм и щIыхь» медалыр иритащ.

ДАУЭДАПЩЭР щекIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и унэм и ХьэщIэщышхуэм. Абы кърихьэлIахэщ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ЛIуп Индрис**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий** сымэ, Правительствэм хэтхэр, щIыпIэ, къалэ администрацэхэм я унафэщIхэр.

Къэрал саугъэт лъагэр хуагъэфэщащ сабиитху е нэхъыбэ зиIэ анэхэм: Акушуевэ Iэсият - сабии 6, Арутюновэ Татьянэ - сабии 5, Къэзан ФатIимэ - сабии 5, Магреловэ Мариям - сабии 7, КIэфо Мирэ - сабии 5, Кель Иннэ - сабии 5, Кумыщ Маринэ - сабии 6, Ноздратенкэ Екатеринэ - сабии 6, Уэтэр Даринэ - сабии 5, Сомгъур Жамилэ - сабии 6, Такъ Иринэ - сабии 5, Текуевэ Светэ - сабии 5, Хьэтыхъу Индирэ - сабии 5, Хур Оксанэ - сабии 5, Царяпинэ Аннэ - сабии 5, Чайкэ Аннэ - сабии 5, Чубук Оксанэ - сабии 5, Шыбзыхъуэ Маринэ - сабии 5, ШэрэIужь Заретэ - сабии 6, ШэнтIыкъу Равидэ - сабии 5, Шу Людмилэ - сабии 6. Сабии 10 зиIэ Уэдыжь Аринэ КIуэкIуэ Казбек иритащ «Газель» автомобилым и IункIыбзэIухыр.

Республикэм и Iэтащхьэр Анэм и махуэмкIэ цIыхубзхэм щехъуэхъум, жиIащ:

- Анэу ущытыныр пщIэ къызэрымыкIуэщ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ, насыпыфIэ узыщI гъащIэ къалэнщ. Зыми пхухуэмыгъэдэну, цIыхубзым и гум кърилъхьа лъагъуныгъэм и хуабагъымрэ и къабзагъымрэ ди гъащIэм и кIыхьагъкIэ дыкъехъумэ. Анэращ зэлъытар къыдэкIуэтей щIэблэр гъащIэм зэрыхэзэгъэну щIыкIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым анэу исым фIыщIэшхуэ яхузощI я псэ емыблэжу, абыхэм фIэкIа, зыми яхэмылъ лIыгъэр махуэ къэмынэу къызэрагъэлъагъуэм папщIэ. Псом хуэмыдэу пщIэ яхуэфащэщ нобэ зи бынхэр дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм. Ахэращ ди къэралым и хуитыныгъэри и шынагъуэншагъэри зыхъумэр.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр бын куэд зэрыс унагъуэхэм зэрыригушхуэр.

- Фэ къыфхуагъэфэща тыгъэм къегъэлъагъуэ къэралым пщIэшхуэ къызэрыфхуищIыр, апхуэдэ дыдэу республикэм сабий куэд щапIу ис унагъуэ псоми гулъытэ зэрахуищIыр. Фэ фи щапхъэм унагъуэ зыхуагъащIэхэр а гъуэгу дыдэр къыхахыным трегъэгушхуэ.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ сабий зэрыс унагъуэхэр псоми япэ зэрырагъэщыр. «Къэралым унагъуэхэм зэрызащIигъакъуэ хабзэ пыухыкIахэр иIэщ. Абы хеубыдэ «анэм и мылъкури», хэхъуэшхуэ зимыIэ унагъуэхэм хухагъэкI ахъшэри, дэчыхышхуэ зиIэ ипотекэ кредитри, къинэмыщIхэри. Илъэс дызыхуэкIуэм аргуэру «унагъуэ налог» ятын щIадзэнущ. Абы и фIыгъэкIэ сабиитI е нэхъыбэ зэрыс унагъуэхэм я хэхъуэм техуэ налогыр проценти 6-кIэ нэхъ мащIэ хъунущ. Ди республикэм сабийхэм папщIэ мазэ къэс дэIэпыкъуныгъэ лIэужьыгъуи 6 щолажьэ, абы къызэщIеубыдэ сабий мин 16-м нэс. Унагъуэхэм зыщIагъакъуэ зэ тыгъуэу ят пособиехэмкIи. Дызэрыт илъэсым ар иратащ цIыху мини 185-м, абыхэм ящыщу бзылъхугъэ уэндэгъухэр мини 7800-рэ мэхъу, мини 177-р зи ныбжьыр илъэс 18-м нэмыса сабийщ. Республикэм и бюджетым хэкIыу, а мурадым хуаутIыпщащ сом мелард 26-рэ.

Дэ тлъэкI къэдгъэнэнукъым ди сабийхэм зауэжьыну Iэмал еттын папщIэ. Унэ къэзымыщэхуф унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм къэралыр къадоIэпыкъу. Апхуэдэ щапхъэщ ипотекэ кредитыр ятыжыным хуаутIыпщ сом мин 450-р. Ди республикэм абы дыщIигъуащ зэ тыгъуэу унэ къэзыщэхуну унагъуэшхуэхэм сом мин 500 зэрыратыр. Апхуэдэхэм сабий IыгъыпIэм иратыпхъэ уасэри щхьэщахынущ.

Быдэу фи фIэщ сщIыну сыхуейщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэ къэс сабий нэхъыбэ къихъуэн папщIэ, цIыхубэм зэрызащIэдгъакъуэ лъэныкъуэ псоми зэрызедгъэубгъунур, дэтхэнэ зыри насып зэрылъ унагъуэшхуэм и гуращэхэм щылъэIэсын хуэдэу.

Налшык и уэрамхэр къагъэщIэрэщIэж

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ «ГъащIэм папщIэ ухуэныгъэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу мы илъэсым зыхуей хуагъэзэжа гъуэгухэр. ЩIыналъэм и УнафэщIым и гъусэу щIыпIэхэм щыIащ республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ Налшык къалэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймуразрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэм сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу щызэрагъэпэщыжащ Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрамыр. Мыбы лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ - псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щIэкIэ яхъуэжащ, гъуэгум телъ асфальтыр къагъэщIэрэщIэжащ, унэхэм я пщIантIэхэр, лъэс лъагъуэхэр, гъуэгурыгъуазэхэр, транспорт къэувыIэпIэхэр зыхуей хуагъэзэжащ, уэздыгъэ пкъохэр зэрахъуэкIащ, «Уафэ къабзэ» программэмкIэ кIапсэхэр псори щIы щIагъым щIалъхьащ.

Апхуэдэ дыдэ лэжьыгъэр щагъэзащIэ КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамми. Мыгувэу а Iуэхухэри и кIэм нагъэсынущ.

НэгъуэщI ухуэныгъэхэри зэрагъэпэщыжащ. Мы илъэсым Налшык зыхуей щыхуагъэзэжащ Балъкъэрым, Головком, Каменскэм, Къэрэшейм, КIыщокъуэм, Нэгумэм, Щорсым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм километрипщI хъу я гъуэгу Iыхьэхэр.

Ахъуэхъу Таймураз зэрыжиIамкIэ, етIанэгъэ я мурадщ Тэрчокъуэм, Къэрэшейм, Байсултановым, ПащIэм, Абыдэм я цIэхэр зезыхьэ, Калининградскэ уэрамхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ ящIыну. Апхуэдэу хьэблэхэр кварталкIэ зэпызыуд уэрамхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIауэ къалэ проектышхуэр гъэзэщIэн щIадзэнущ. Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, а Iуэхур щрагъэжьэнущ Кэнжэ и уэрам зыбжанэм (км 6,5-рэ), адэкIэ къыщыпащэнущ Александровкэ (км 9-м щIигъу), Стрелкэ (км 5-м нэблагъэ) хьэблэхэм, Хьэсэней жылэм и уэрам зыбжанэм. Проектым хэхуэнур илъэсипщI бжыгъэкIэ зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрамыгъэкIуэкIа уэрамхэрщ.

КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ гъуэгу ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкI, инженер коммуникацэхэр зэзыхъуэкI, щIыпIэхэр зэIузэпэщ зыщI IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм икIи я лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэрагъэзащIэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ, адэкIи ехъулIэныгъэхэр яIэу я IэнатIэм пэрытыну ехъуэхъуащ.

Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ 2030 гъэ пщIондэ лэжьыгъэшхуэхэр зэраубзыхуар, Президентым, Гъуэгу фондым, къэралым я дэIэпыкъуныгъэкIэ гъуэгухэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэм адэкIи къызэрыпащэнур. «Шэч къытесхьэркъым дызэгъусэу сыт хуэдэ къалэнми дызэрыпэлъэщынум», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Апхуэдэу щIыналъэм и УнафэщIыр епсэлъащ Налшык къалэ администрацэм и архитектор нэхъыщхьэ Быдэ Аслъэн. И гугъу ящIащ Налшык и къалэкум щыIэ ухуэныгъэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ щыIэ проект зэмылIэужьыгъуэхэм, къалэ администрацэм и унэм и щIыбыр къызэрагъэщIэрэщIэжынум.

Зыкъыхуэзыгъэзахэр гулъытэншэ ищIакъым

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и къудамэу КъБР-м щыIэм и егъэблэгъапIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щаIущIащ я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

ДЭIЭПЫКЪУЭГЪУ хуэныкъуэу республикэм и Iэтащхьэм къыхуэкIуащ узыфэ хьэлъэ зыпкърыт, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хэха хуэныкъуэ сабийхэр щапI, апхуэдэуи зи псэупIэр егъэфIэкIуэн хуей унагъуэхэм щыщхэр.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм зэрызыкъыхуагъэзахэр гулъытэншэ ищIакъым икIи а унагъуэхэм зыщIагъэкъуэну я пщэ ирилъхьащ зыхуэфащэ IэнатIэхэм.

Къэралми Къэбэрдей-Балъкъэрми я пщIэр еIэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дзюдоист Блий Iэюб ехъуэхъуащ и спорт текIуэныгъэмкIэ. Республикэм и УнафэщIым MAX-м щиIэ напэкIуэцIым щитхащ:

«УРЫСЕЙМ и дзюдоист, ди лъахэгъу Блий Iэюб «дыщэ» къыщихьащ Тажышхуэр къэхьыным хуэунэтIауэ Абу-Даби щекIуэкIа зэхьэзэхуэм. Финалым, килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж, абы щыхигъэщIащ Монголием и бэнакIуэ Энхтайван Ариунболда.

Урысейм и ныпым щIэту дзюдоистхэр бэнэну хуит зэращIрэ мыр ди япэ дыщэ медалщ. Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу Iэюб сохъуэхъу и текIуэныгъэмкIэ! Ди Урысей псоми Къэбэрдей-Балъкъэрми я щIыхьыр зыIэт ехъулIэныгъэщIэхэр иIэну си гуапэщ!»

Лэжьыгъэ нэрылъагъухэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту лажьэ «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, Бахъсэн районым хыхьэ Псыхъурей къуажэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкIащ иужьрей илъэсхэм.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, нэгъабэ абы и уэрамибл къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Абыхэм я нэхъыбэр цIыху минищым нэблагъэ щызэблэкI, социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм ухуэзышэ гъуэгущ.

Иджы, мы гъэм, уэрамхэр къызэщIагъэаблэ, инженер коммуникацэхэр къагъэщIэрэщIэж. Нобэ Псыхъурей щекIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу, КIэщтым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет пхъэ пкъоужьхэр Iуахыж. 2024 гъэм зэрагъэпэщыжа, Сыжажэм и цIэр зезыхьэ уэрамым гъущI-бетон пкъоущIэхэр щагъэуващ. ИужькIэ абыхэм псоми иджырей светодиод лампIхэм хуэдэхэр щыпадзэнущ.

Лэжьыгъэхэр дызэрыт илъэсым и кIэм зэфIагъэкIын мурад щыIэщ.

ЩЭУЕЙ Башир.

ЛъэIу къахузиIэхэм яIуощIэ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партыр мы мазэм илъэс 24-рэ зэрырикъум траухуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ егъэблэгъапIэм къызэрегъэпэщ партым и къудамэ унафэщIхэр, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэтхэр, УФ-м и и Къэрал Думэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ я депутатхэр, щIыпIэ унафэр зезыхьэхэр цIыхухэм яIугъэщIэныр.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 1-м республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ яхуэзащ гугъуехь пэщIэхуахэм ящыщу зи щхьэ къезыхьэлIахэм.

Абы зыкъыхуигъэзащ дзэ Iуэху хэхам и ветераным. Ар тегузэвыхьырт ныкъуэдыкъуагъэ зэриIэр къызэралъытэ дэфтэрхэр зэфIыхьа зэрыхъуным, лэжьыгъэ IэнатIэ зэригъуэтыным. Егоровэ Татьянэ жиIащ СВО-м и ветеранхэм защIэгъэкъуэныр я къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэрыщыщыр икIи щIалэр къигъэгугъащ и Iуэхум набдзэгубдзаплъэу хэплъэу, зэрыдэIэпыкъуну щIыкIэм егупсысыну.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым зыкъыхуэзыгъэзахэм ящыщщ Налшык къалэм и курыт школ №11-м адэ-анэхэм я комитет щыIэм хэтхэр. Ахэр къызытекIухьа Iуэхур теухуат еджапIэм къедзылIа щIыпIэр зэIузэпэщ щIыным зэрыхуэныкъуэм, псом хуэмыдэу машинэ гъэувыпIэхэм асфальт телъхьэн зэрыхуейм. Адэ-анэхэми, егъэджакIуэхэми, еджакIуэхэми я дежкIэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэхум елэжьын щIадзащ, мы зэманым хоплъэ 2026 гъэм щIыпIэхэр зэIузэпэщ зэращI лэжьыгъэм ар зэрыхагъэхьэным.

Япэ гупым щыщ ныкъуэдыкъуагъ зиIэ, Прохладнэ районым къикIам Егоровэм зыхуигъэзащ медицинэ гъуэлъыпIэ къратынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуну. Апхуэдэуи «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр» Iуэхум хыхьэу зыщIагъэкъуэну къагъэгугъащ бынунагъуэшхуэр.

ЦIыху зыбжанэм я лъэIухэр зытеухуахэм елъытауэ, ахэр зэфIэзыгъэкIыну IуэхущIапIэхэм тхыгъэхэр хуагъэхьащ. Егоровэ Татьянэ жиIащ дэтхэнэми и лъэIур зэрагъэзащIэм езыр зэрыкIэлъыплъынур.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, цIыхухэр зыгъэгузавэ Iуэхухэр нэхъ псынщIэу зэфIэха хъуным теухуауэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

Гъуэгум щызэжьэхэуэхэр нэхъ мащIэ мэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм «комитетым хухах сыхьэтым хыхьэу», щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и федеральнэ автомобиль гъуэгухэм я щытыкIэм.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ: «Транспортымрэ гъуэгухэмрэ зыхуэдэм, абыхэм зэрызаужьым куэдкIэ елъытащ ди экономикэр, сатур, туризмэр ефIэкIуэнри цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI хъунри. УФ-м и Президент Путин Владимир ди къэралым и зыужьыныгъэр 2030 гъэм ирихьэлIэу зыхуэдэ хъун хуейм теухуа и Унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ, щIыналъэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэм я процент 85-м мынэхъ мащIэ мардэхэм къезэгъыу хъун хуейщ. КъищынэмыщIауэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу гъуэгум щызэжьэхэуэхэм хэкIуадэхэм я бжыгъэр (2023 гъэм елъытауэ) хуэдэ 1,5-кIэ нэхъ мащIэ щIыпхъэщ, 2036 гъэм ирихьэлIэу - хуэдитIкIэ. Мы зэманым жыджэру йолэжь гъуэгу нэхъыщхьэхэр нэхъ бгъуэ ящIынми щIэхэр ухуэнми. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI Федеральнэ гъуэгу агентствэм («Росавтодор»). Къэбэрдей-Балъкъэрым а лэжьыгъэр щызэфIегъэкI «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгухэм я управленэ» IуэхущIапIэм».

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгухэм я управленэ» IуэхущIапIэм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщI Сэхъу Къаплъэнрэ КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и унафэщI Бэджыдэ Юрийрэ.

Сэхъум жиIащ республикэм федеральнэ автомобилу гъуэгуиплI (псори зэхэту километр 393-м щIигъуу) зэрыщыIэр: «Кавказ» Р-217 гъуэгур (километри 157-рэ хъууэ); А-154 «Аруан - Балъкъэр Ипщэ - Уштулу» (километр 83,6-рэ) гъуэгур; А-158 «Прохладный - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ» гъуэгуитIыр (километри 102-рэ 49-рэ).

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, а щIыпIэхэр федеральнэ ахъшэкIэ зэрагъэпэщыж, зыхуей хуагъазэ, ирагъэфIакIуэ. 2020 гъэ лъандэрэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм хыхьэу, «Кавказ» Р-217 автомобиль гъуэгум щыщ километр 60-м щIигъур Iыхьиплlу зэпыудауэ ящIащ. Зи гугъу ящI автомобиль гъуэгум щыщу километри 130-р Iыхьиплlу гуэшащ (километри 157,3-м щыщу). Мы зэманым гъуэгу ухуэныгъэу километрих зэрагъэпэщыжащ, лъэмыжрэ зэпрыкIыпIэу 15 зыхуей хуагъэзащ, Шэджэм, Шэджэм ЕтIуанэ, Аруан, Аушыджэр, Къэщкъэтау, Бахъсэн, Ислъэмей, Алътуд къуажэхэм пхыкI федеральнэ гъуэгу километр 61-м щIигъур мардэхэм кърагъэзэгъащ. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, республикэм и гъуэгуу километр 326-м щIигъур зыхуей хуэзащ (процент 84-р).

2025 гъэм «Прохладный - Бахъсэн - Iуащхьэмахуэ» А-158-рэ гъуэгумрэ «Кавказ» Р-217-мрэ лэжьэн щIрагъэдзэжащ. Апхуэдэуи иужьрейм и щIыпIиплIыр, километр 20,7-рэ я кIыхьагъыу, зэрызэрагъэпэщыжынум иужь ихьащ. 2027 гъэм яухыну къагъэлъагъуэ Урыху псым телъ лъэмыжым и метри 165,5-м елэжьыныр. КъищынэмыщIауэ, иджыпсту елэжьын щIадзащ гъуэгухэр щIымахуэм хуэгъэхьэзырыным: мылым тракIутэну тонн мин 19-м щIигъу ягъэтIылъащ, диспетчер IэнатIэхэр махуэми жэщми зэрылэжьэнур зэтраухуащ. Сэхъум жиIащ гъуэгу шынагъуэншагъэр махэ зэрыхъур машинэхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэм епхауэ икIи IуэхущIапIэм Iэмал псори къызэригъэсэбэпыр гъуэгум щызэжьэхэуэхэр нэхъ мащIэ хъуным теухуауэ.

Гугъуехьхэм ящыщщ гъуэгум хуагъэбелджыла хабзэхэр цIыхухэм зэрамыгъэзащIэр. Абы и щапхъэу Сэхъум къигъэлъэгъуащ гъуэгу зэрагъэпэщыжахэм щрикIуэкIэ, машинэхэм я псынщIагъым зэрыщIрагъэгъур, абы и зэранкIэ къэхъу ДТП-хэм фэбжь хахыр зэрынэхъ хьэлъэр. «Росавтодор»-м зыхуагъэзащ гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэзыгъэпэщыну ухуэныгъэхэр зэрызэрагъэпэщыну ахъшэ къызэрыхухагъэкIыным теухуауэ.

Бэджыдэ Юрий жиIащ ДТП-хэм я Iыхьэ щанэр къыщыхъур республикэм и гъуэгухэм ящыщу процентi 2 зыыгъ федеральнэ гъуэгухэр зэрыарар. 2025 гъэм яхузэфIэкIащ абыхэм щызэжьэхэуэхэр нэхъ мащIэ ящIыну. Къапщтэмэ, мазипщIым кърибубыдэу къэхъуа ДТП-хэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуащ процент 12,8-кIэ, хэкIуэдахэр - процент 42-кIэ, фэбжь хэзыхахэр - процентi 6,6-кIэ.

Къыхагъэщащ машинэ зэблэкIхэр зэпэIэщIэу щытын хуэдэу я зэхуаку ухуэныгъэхэр зэрыдагъэувэрэ гъуэгу зэжьэхэуэ къызэрымыхъуар.

«Кавказ» Р-217 федеральнэ гъуэгум и щIыпIэ щхьэхуэхэм, Налшыкрэ Шэджэм районымрэ я гъунапкъэхэм, къыщыхъу насыпыншагъэхэр нэхъыбэ зэрыщыхъуар жаIащ. ДТП-уэ тIу ятхащ, къыщIагъэщащ гъуэгум и щытыкIэм някъусаныгъэхэр иIэу.

КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат къыхилъхьащ Пятигорск укъикIыу Налшык укъыщыдэлъадэм хуэзэу светофор гъэувыпхъэу. Абы зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iэмалым гъуэгу шынагъуэншагъэр иригъэфIэкIуэнут.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ уэрамхэр зэрагъэнэху щIыкIэм, хьэлъэзешэхэр зэрызекIуэр къэпщытэным гугъуехьхэр зэрыпылъым. Абы щыжаIахэр къэлъытауэ, КъБР-м и Парламентым и Президиумым и унафэр къащтащ.

* * *

ЗэIущIэм щыхэплъащ «КъБР-м и бюджетыр 2025 гъэм, 2026 - 2027 гъэхэм тещIыхьауэ» щIыналъэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ законопроектым. Дэфтэрым хэплъэну, абы дыщIагъун щыIэмэ халъхьэжыну IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм иратащ.

Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ псэущхьэхэр зэрахъумэм, мэкъумэш IэнатIэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным теухуауэ щыIэ федеральнэ законхэм я проектхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

IэщIагъэм драгъэхьэх

● КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм

Печатым и унэм иджыблагъэ гуфIэгъуэ зэхуэс щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ «Журналист ныбжьыщIэм и школ» проектым кърихубыдэу мы гъэм еджэныгъэхэр къэзыуха щIалэгъуалэм сертификатхэр етыжыным. МахуэщIым кърихьэлIат, КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гилиев Мурат, «КъБР-Медиа» къэрал IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ Холаев Темирлан, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м (1 КъБР) и унафэщI Конаревэ Натальe, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Конаков Хьэсэн, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Суановэ Залинэ, проектым и лэжьыгъэхэр зэзыгъэуIухэу Дол Маринэрэ Хьэхъужь Иринэрэ.

ФОКIАДЭ - щэкIуэгъуэ мазэхэм школым щекIуэкIа лэжьыгъэм къызэщIиубыдащ журналистикэм дихьэх, ар IэщIагъэ зыщIыну щIэхъуэпс цIыху 20-м щIигъу. Гупым яхэтщ нэгъабэрей егъэджэныгъэхэм къэкIуахэри мы гъэм япэу а Iуэхум къыхыхьахэри. Абыхэм лекцэ купщIафIэхэм къахуеджащ, семинар гъэщIэгъуэнхэр драгъэкIуэкIащ зи IэщIагъэм хуэIэижь, журналистикэм куэд лъандэрэ хэт IэщIагъэлIхэм.

А лэжьыгъэ псоми я гугъу щащIащ гуфIэгъуэ зэIущIэм. Школым и гъэсэнхэм еджэныр къызэраухамкIэ ехъуэхъури, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм, зрагъэгъуэта щIэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ тепсэлъыхьащ зэхуэсыр къызэIузыха, проектым и унафэщI, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Жыласэ Заурбэч.

- Школым зэрыщеджа зэманым кърихубыдэу проектым хэтахэм журналистикэмкIэ ябгъэдэлъ зэхэщIыкIым хагъэхъуа, пэщIэдзэ щIэныгъэ зрагъэгъуэта къудейкъым, атIэ ди республикэм и цIыху цIэрыIуэхэм яхуэзащ, щIыналъэ радиомрэ телевидениемрэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм хэтащ, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм я редакцэхэм ядэлэжьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, школым и гъэсэнхэм я къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд къытехуащ а республикэ газетхэм, - жиIащ Жыласэм. - КъинэмыщIауэ, ВГТРК-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм къызэригъэпэща «Сэ сыкорреспондентщ» зэпеуэми жыджэру хэтащ ди школым и гъэсэнхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, хэтам и мызакъуэу, а зэхьэзэхуэм нэхъыфIу къыщалъытахэми яхэхуащ Хьэжу Софиерэ (ар лэжьапIэ ирагъэблэгъащ ВГТРК-м и щIыналъэ къудамэм) ПщыхьэщIэ Иналрэ (щIалэм зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ). Нэгъабэрей егъэджэныгъэр къэзыухахэм ящыщу цIыхуитIым мурад ящIащ я зэфIэкIхэм КъБКъУ-м и филологие, журналистхэр щагъэхьэзыр къудамэхэм щыхагъэхъуэну. Ахэр узыщыгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэщ, сыту жыпIэмэ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэр хуэныкъуэщ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ жыджэрхэм.

АдэкIэ псалъэ иратащ хьэщIэ лъапIэхэм. Ахэри гуапэу ехъуэхъуащ журналистикэмкIэ пэщIэдзэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта, я къалэмым и къарур здынэсыр къэзыхута, радиом и микрофонымрэ телевиденэм и утыкушхуэхэмрэ «зэрахуэкIуэм» еплъа, зи зэфIэкIхэр зыгъэнэIуа журналист ныбжьыщIэхэм.

- ИлъэситI мэхъури, куэд дызыщыгуфIыкI мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэфIах Печатым и унэм. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къихьа грантым и фIыгъэкIэ журналистикэм ешэлIа мэхъу а IэщIагъэм дихьэх, ар гъащIэ гъусэ зыщIыну щIэхъуэпсу а мурадым хуеIэ цIыхухэр, - жиIащ Гилиев Мурат. - ЖурналистикэР хуабжьу IэщIагъэ хьэлэмэтщ, псэуныгъэм и лъэныкъуэ псоми гъунэгъуу щыгъуазэ ухуэзыщIыфыну Iэмал гъуэзэджэщ. Губгъуэм ит мэкъумэшыщIэхэм дыгъуасэ уахуэзамэ, нобэ еджагъэшхуэхэм уепсэлъылIэфынущ, пщэдей зэIущIэ къызэрымыкIуэм репортаж къипщIыкIыфынущ. Гурэ псэкIэ абы хэту IэнатIэр езыхьэкI фи егъэджакIуэхэм фIыуэ ящIэ ар. Сызэригугъэмкlэ, фэри, школым и гъэсэнхэм, IэщIагъэм епха а гурыщIэр зыхэфщIакIэщ. Си гуапэу сынывохъуэхъу зэвгъэгъуэта щIэныгъэм адэкIи хэвгъэхъуэну, фи зэфIэкIхэр ди республикэм, фIыуэ тлъагъу ди Хэкум я ехъулIэныгъэхэм хуэвгъэпсу фыпсэуну, фылэжьэну.

Еджэныр къэзыухахэм апхуэдэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ зэIущIэм къекIуэлIа адрей къулыкъущIэхэми. АдэкIэ «Журналист ныбжьыщIэм и школыр» мы гъэм къэзыухахэм абы щыхьэт техъуэ сертификатхэр иратыжащ, Iэгуауэм щIэту. ЖурналистикэМ япэ лъэбакъуэхэр щызычахэм ящыщ дэтхэнэми и нэгум иплъагъуэрт зэфIэха хъуа IуэхугъуэхэмкIэ зэрыарэзыр, мурадыщIэхэр зэраIэр, ахэр зыIэрагъэхьэным ерыщу зэрыщIэбэнынур.

- ФIыщIэ ин яхудощI фIыуэ тлъагъу IэщIагъэм нэхъ гъунэгъуж дахуэзыщIа. Журналист дыхъуным дыщIэхъуэпсырти, иджы, мис, язынысъуэхэм ар нахуапIэ тхуэхъуакIэщ, лэжьыгъэ IэнатIэ ирагъэблэгъахэри къытхэтщ. Адрейхэри абы дыхущIэкъуну ди мурадщ, - жаIэрт абыхэм. – Къэралым щIалэгъуалэм къытхуищI гулъытэм и зы щапхъэщ мы Iуэхугъуэр - пщIэншэу еджэныгъэхэм дызэрыхэтар. Дэри ди къарури зэфIэкIри хуэдгъэпсынщ апхуэдэ гулъытэ къытхуэзыщI ди республикэм, къэралым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм (унафэщIыр КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэчщ) зыхэта зэпеуэм иджы етIуанэу къыщихьа грантым къыпэкIуа мылъкур и лъабжьэу къызэрагъэпэщауэ щытащ а егъэджэныгъэхэр. Школым и лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи даIыгъщ КъБР-м Бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм (министрыр Бозий Аскэрщ) Лъэпкъ IуэхухэмрЭ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм (министрыр КIурашын Анзорщ), «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IэнатIэм (унафэщIыр Бежан Беслъэнщ).

ГуфIэгъуэ зэхуэсым и кIэухыу абы кърихьэлIахэм тыгъэ гуапэхэр зэIэпахащ, зэгъусэуи фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ, шеибжьэ ефэжащ. «Журналист ныбжьыщIэм и школым» и бжэхэр мыгъэрей IуэхукIэ зэхуащIыжащ, атIэми ахэр етIанэгъи къызэIуахыжыну я мурадщ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр даIыгъ

УФ-м и Президент Путин Владимир Кремлым и уардэунэм щаIущIащ ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я V конгрессым хэтхэм.

«Пэжыр жысIэнщи, згъэщIэгъуащ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я иджырей зэхыхьэм къэрали 100-м къикIа цIыху мини 8-м щIигъу къызэрекIуэлIар. Абы къегъэлъагъуэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къыщызэдгъэпэщым зыхуэдгъэувыжа мурадхэр къызэрыдэхъулIар. Языныкъуэхэр хущIокъу къэралхэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ зэпыщIэныгъэхэр къызэрагъэтIэсхъэным. Ауэ Москва а Iуэхум адэкIи зригъэужьынущ, хамэ къэралхэм яхудиIэ щIэныгъэ зэдэлэжьэныгъэр нэхъ жыджэру едгъэфIакIуэкIэрэ», - жиIащ Урысейм и Президентым.

Къэралым и УнафэщIым жиIащ грантхэм япкъ иткIэ, щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэм текIуадэ ахъшэм Урысейм адэкIи и мылъку зэрыхилъхьэнур. Апхуэдэуи къэралым и мурадщ щIэныгъэ гъуэгум теува къэхутакIуэ зэчиифIэхэр дэIыгъыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр иригъэкIуэкIыну.

2024 гъэм щегъэжьауэ къэралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыщ аспирант миным, Донбассрэ Новороссиемрэ я щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм ейхэри хэту, мазэ къэс стипендиеу сом мин 75-рэ ират.

«Пушкиным и картэр» мэлажьэ

2021 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ Урысей Федерацэм щолажьэ «Пушкиным и картэ» къэрал программэр. А зэманым кърихубыдэу абы къызэщIиубыдащ зи ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ 22-м нэс ныбжьыщIэ мелуан 13-м щIигъу. А картэмкIэ абыхэм къащэхуащ билет мелуани 100-м нэблагъэ.

«Урысейм и УнафэщIым щIалэгъуалэр диIыгъын папщIэ къыхилъхьа проектыр жыджэру гъащIэм хэпща хъуащ, - жиIащ УФ-м и Правттельствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ. – ЩIалэгъуалэр щэнхабзэм дегъэхьэхынымкIэ, а унэтIыныгъэмкIэ я зэхэщIыкIым хэгъэхъуэнымкIэ ар зихуэдэ щымыIэ IэмалыфIщ».

Абы къыхигъэщащ картэр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпыр илъэс 15-16-хэм ит ныбжьыщIэхэрауэ зэрыщытыр, ахэр нэхъ жыджэру йокIуалIэ ЩэнхабзэмкIэ унэхэм, театрхэм, музейхэм. Илъэс 18-22-рэ хъу щIалэгъуалэр театрхэмрэ музейхэмрэ екIуалIэми, нэхъыбэу дэзыхьэхыр концерт зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэрщ.

Дыгъэгъазэм и 2, *гъубж*

♦**ПщылIыгъэр гъэкIуэдыным хущIэкъуным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ банк лэжьакIуэм и махуэр**

♦**1851 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей джэгуакIуэ, усакIуэ **Агънокъуэ Лашэ**.

♦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам папщIэ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр зыхуагъэфэща **Гъуэщокъуэ Хъусин**.

♦**1960 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 3, бэрэжьей

♦**Никъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Компьютер графикым и дунейпсо махуэщ**

♦**Пестицидхэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Юристым и махуэр**

♦**Зи Хэкур зыхъумэжурэ хэкIуэда Сэлэт МыцIыхум и махуэщ**

♦**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Дамаск къэрал университетым и профессор **Абдул-Сэлам Адыл**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ Истамбыл щыпсэу уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Догъэн**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ тележурналист, Дунейпсо Арткомитетым и саугъэтыр зрата **Токъмакъ Светланэ**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, экономикэмрэ управленэмкIэ институту Псыхуабэ дэтым и профессор **КъуэщIысокъуэ Заурбэч**.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къуэр унэм и пкъощ, пхъур унэм и щIэращIэщ.

Спортымрэ узыншагъэмрэ

Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм и езанэ курыт еджапIэм щаухуащ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыщыбгъасэ хъу иджырей утыкушхуэ. ПэхуэщIэр ягъэзэщIащ «Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ икIи ар хуэунэтIащ районым и спорт инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымрэ цIыхухэр спортым дегъэхьэхынымрэ.

ЩIЫБЫМ спортым зыщыхуэбгъэсэн хуэдэу, ухуэныгъэщIэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу зэгъэпэщащ. Псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 800-м щIигъу хухахащ абы, лэжьыгъэхэми къыщыгъэсэбэпар пIалъэ кIыхькIэ зекIуэну иджырей ухуэныгъэ материалхэрщ.

Спорт утыкушхуэм курыт еджапIэм физкультурэмкIэ и дерсхэр, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр, нэгъуэщI IуэхугъуэхэмкIэ и зэхьэзэхуэ щхьэпэхэри щебгъэкIуэкI хъунущ. Мыдрейуэ, спортым дихьэххэми, я ныбжьхэм емылъытауэ, щахущIыхьэ зэманым мыбдежым зыщагъэсэфынущ.

«Къуажэм и инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ нобэрей утыкущIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЕджакIуэ цIыкIухэми къуажэдэсхэми иджы Iэмал ягъуэтащ спортым зыхуагъэсэну, я узыншагъэр ягъэбыдэну, гъащIэ узыншэм и телъхьэ хъуну», - жиIащ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Нэгъуей Амырхъан.

Районым и мурадщ къэрал, щIыналъэ программэхэм япкъ иткIэ щIыналъэм и спорт инфраструктурэр иригъэфIэкIуэну, сабийхэми балигъхэми зэхуэдэу къахуэгъэсэбэп хъун хуэдэу.

ЩЭУЕЙ Башир.

Кхъухьлъатэзехуэ хахуэм и фэеплъыр мыкIуэдыжынщ

«Си гур цIыхухэм я гуфIэгъуэмрэ я гузэвэгъуэмрэ хуэдэгу хъумэ – ар икIэщIыпIэкIэ къреувыIэ...»
ХЬЭЖЫ Исмэхьил

Ди къэралым и ТекIуэныгъэ Иным папщIэ зи псэр зыта цIыху мелуан 27-м я фэеплъыр зыщыдгъэгъупщэну хуитыныгъэ диIэкъым нобэ псэухэм. Хэку зауэшхуэм шыщхьэмыгъазэу хэтауэ, фашист зэрыпхъуакIуэхэм къайлу псэужахэри, мамыр гъащIэм хэплъэжахэри мащIэкъым, ди гуапэ зэрыхъунщи. Абыхэм ящыщ зыщ Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь, «Красная Черкесия» бомбэзехьэ эскадрильер зэраухуэну мылъкур зэхуэзыхьэса, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэтекъутэным зи гуащIэ хэзылъхьа кхъухьлъатэзехуэ хахуэ Хьэжы Исмэхьил Мимболэт и къуэр (1921-1981).

Абы и ныбжьхэр зыхалъхуа зэманым псэуа дэтхэнэми хуэдэу, куэд игъэващ Исмэхьил – политикэ залымыгъэм и лей къытехьэу, Хэкур зрагъэбгынауэ щытахэм ящыщщ, зауэмрэ абы иужь гъаблэ илъэсхэмрэ и нэгу щIэкIащ... А псом емылъытауэ, гъащIэ дахэ къигъэщIащ абы, зауэлI лIыхъужьыгъэрэ мамыр лэжьыгъэкIэ гъэнщIауэ. И лъэпкъым хуищIэмкIэ зызымыгъэнщIу щыта лIыр ар зыцIыхуахэм ягу къинащ дэтхэнэми дэIэпыкъуну хьэзыру, и IуэхущIафэкIэ щапхъэу зэрыщытамкIэ.

Исмэхьил Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ Малкэ къуажэм щыпсэу Хьэжы Мимболэт и унагъуэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. И адэм и анэ Хьэжы (Абзуан) Къарэпагуэ Абзуан жылэм (иджы Къулькъужын Ипщэ къуажэм) щыщт.

Мимболэт и щхьэмрэ и унагъуэмрэ «Тройкэ» зыфIаща щхьэпыупщI Iуэхум щихъумэн папщIэ, Къэбэрдейр ибгынэри Шэрджэсым Iэпхъуэгъат. Исмэхьил и сабиигъуэр щигъэкIуащ и анэ Балэ Софье зыщыщ Дудэрыкъуей (иджыпсту КъШР-м и Псыжь жылэращ) къуажэм. 1939 гъэм ар щIэтIысхьащ Чкаловым и цIэр зезыхьэ етIуанэ дзэ авиацэ училищэм икIи Хэку зауэшхуэр къэхъеиным махуиплI фIэкIа имыIэжу ар къиухащ.

Зауэм ипэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ Хьэжым игъэхьэзыращ дзэ кхъухьлъатэзехуэхэр, иужькIэ, езым и фIэфIыныгъэкIэ, зэуапIэм Iухьащ.

...1943 гъэр екIуэкIырт. Кавказ Ищхъэрэ фронтым и зауэлIхэм зэхэуэ гуащIэхэр ирагъэкIуэкIырт «Голубая линия» зи фIэщыгъэ нэмыцэ быдапIэр пхатхъыу Тамань хытIыгу ныкъуэр зыIэрагъэхьэжыну. Кубань и уафэм 1943 гъэм и гъатхэм щекIуэкIа кхъухьлъатэ ебгъэрыкIуэныгъэшхуэм ди дзэ-хьэуа къарухэм тепщэныгъэр къащыIэригъэхьар гъэмахуэм ирихьэлIэущ. А зауэ гуащIэм хэтащ ди совет кхъухьлъатэзехуэ хахуэхэр. Абыхэм ящыщ Хьэжы Исмэхьил къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

...1944 гъэ, шыщхьэуIум и 26. Хьэжым и унафэм щIэт звеном уэгум зиIэтащ бийм я танкхэр зэтракъутэныр я гурацэу. Нэмыцэхэм зенит мафIэр къаутIыпщу хуежьащ, ауэ ди кхъухьлъатэхэр яIэщIэкIри, танкибгъу якъутащ. Бийм и лагъымхэм щыщ къытехуащ Исмэхьил и кхъухьлъатэм, езыр парашюткIэ къелъащ. УIэгъэу плIы телъу абы хузэфIэкIащ нэмыцэхэм заIэримыгъэхьэн. А зэхэуэм къыпэкIуэу Хьэжым къратащ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр.

...1945 гъэм и накъыгъэ мазэ. Ленинград фронт. Хьэжы Исмэхьил дамыгъэ лъапIэ къыщIрата тхыгъэм итщ мыпхуэдэу: «ПщэрылЪ къыщащIа дзэ Iуэхур игъэзащIэу, 1945 гъэм накъыгъэм и 7-м нэмыцэхэм кхъухьлъатэр къраудыхащ. Абы исахэр парашюткIэ къелъа щхьэкIэ, бийм иIыгъ щIыпIэм къыщытIысахэщ. Хьэжы штурманымрэ экипажым и командир Шероновымрэ яубыдри, гъэр ящIащ. Германием Iэщэр зэригъэтIылъыр зэхэзыха зэныбжьэгъуитIым я гур яфIэкIуэдакъым. Гъэрхэм ящыщу цIыхуи 152-рэ зыхэт гуп къызэрагъэпэщри, лагерым и хъумакIуэхэр лъэныкъуэ ирагъэзащ, гъэрэщым и унафэщIым зитыну жраIащ. А Iуэхур къазэрехъулIам и фIыгъэкIэ зауэ хуэIухуэщIэхэр щахъумэ гъэтIылъыпIэу 18, дзэ техникэу 200 кърагъэлащ. Лагерыр яубыдри, Дзэ Плъыжьыр къэсыху ар яIыгъащ». Бийм и лъахэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ гъэрхэр къызэрыригъэлаимрэ папщIэ лейтенант нэхъыжь Хьэжы Исмэхьил етIуанэ «Бэракъ Плъыжь» орденыр къыхуагъэфэщащ.

ЛIыхъужьым и гъащIэм щыщ мы Iыхьэхэр къыщыгъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм хэта журналист, тхакIуэ, Исмэхьил къуэш хуэхъуа Филипенкэ Виктор 1995 гъэм Налшык къыщыдигъэкIа «Третий орден» повестым.

Зауэ нэужьым Исмэхьил къиухащ Ставрополь дэт пединститутыр. Илъэс куэдкIэ Литвам къулыкъушхуэхэр иIыгъыу щылэжьащ. Литва ССР-м и Шяуляй къалэм 50 гъэхэм политикэ, егъэджэныгъэ щIэныгъэхэр цIыхубэм яхыхьэнымкIэ Союзпсо зэгухьэныгъэм и унафэщIу, КП(б)-м и къалэ комитетым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и къудамэм и тхьэмадэу щытащ.

Къэрэшей-Шэрджэс автономнэ областым къигъэзэжа нэужь, абы и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым, 70 гъэхэм – щIыналъэм и тхылъ тедзапIэм я унафэщIу щытащ. Хьэжы Исмел хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ щIэныгъэм, лъэпкъ литературэм, тхылъ къыдэгъэкIын Iуэхум.

Исмэхьил журналист IэкIуэлъакIуэт икIи тхакIуэ хъарзынэт. Зауэ зэманым къыдэкIыу щыта газетхэм къытригъэдза фронт тхыгъэхэмрэ «Красная Черкесия» бомбэзехьэ эскадрилер зэраухуэну мылъкур зэхуэзыхьэсыным теухуауэ 1943 гъэм цIыхухэм зэрызахуигъэзамрэ къалэмыр зэригъэунэху IэдакъэщIэкIхэт. Абыхэм къакIэлъыкIуащ и нэгу щIэкIахэр лъабжьэ зыхуэхъуа и Iуэтэжхэр. Дунейм къытемыхьа куэди къыщIэнащ Исмэхьил. Абыхэм ящыщщ «Оборона Брестской крепости», «Побратимы», «Добром на добро» «Алга», «Дикий гусь» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Хьэжы Исмэхьил 1981 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м Черкесск къалэм дунейм щехыжащ. Iуэху куэд республикэм щрагъэкIуэкIащ абы и фэеплъыр хъумэным хуэгъэзауэ. Илъэс зыбжанэкIэ Тхьэстокъуэ ФатIимэ зэхуихьэсыжащ Исмэхьил и сурэтхэр, дэфтэрхэр, Iэрытххэр, газетхэм къытехуа, литературэ тхыгъэхэр, езым и гъащIэм ехьэлIа гукъэкIыжхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр я лъабжьэу Къэрэшей-Шэрджэс педколледжым 2007 гъэм щрагъэкIуэкIащ Хьэжым литваибзэкIэ итха «Гинтарас» тхылъым теухуа конференцэ. Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 60 щрикъум, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и жэрдэмкIэ, ар къыщалъхуа Малкэ къуажэм и зы уэрамым фIащащ Хьэжы Исмэхьил и цIэр. 2020 гъэм Налшык дэт «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым (КъБГКъИ) и щIэныгъэ архивым и унафэщI Шэпар Iэишэт «В небе войны. Памяти отважного лётчика Измаила Аджиева посвящается» зыфIища тхылъышхуэр. Абы укъыщоджэ Исмэхьил и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм, благъэIыхьлыхэм абы траухуа я гукъэкIыжхэм, и сурэтхэмрэ дэфтэр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щызэхуэхьэсащ, литературэ IэдакъэщIэкIхэм (дунейм къытемыхьахэри яхэту) напэкIуэцI щхьэхуэхэр яхухэхащ, Филипенкэ В. и повесть ищхьэмкIэ зи гугъу тщIари итщ. Тхылъым къитхыу адыгэбзэм къидгъэзэгъа, Исмэхьил «Индрис и лъэпкъ дамыгъэ» и Iуэтэжыр щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ къыдолъхьэри, фигу ирихьмэ ди гуапэщ.

БЛИЙ Даянэ.



ЩIыхьи пщIэи къамылъыхъуэу

Дыгъэгъазэм и 3-м ди къэралым щагъэлъапIэ ЯмыцIыху сэлэтым и махуэр. ЩIыхьи пщIэи къамылъыхъуэу, Хэкум папщIэ зи псэр зытахэм, уеблэмэ зи цIэ-унэцIэ гъэбелджылыжа мыхъуахэм я фэеплъыр зыщыдмыгъэгъупщэнырщ абы и лъабжьэр.

А МАХУЭР япэ дыдэу 2014 гъэм ягъэлъэпIащ. Ар къыхилъхьат зауэхэм хэкIуэдахэм я хьэдэхэр къэгъуэтыжынымрэ щIэлъхьэжынымрэ елэжь «Урысейм и лъыхъуакIуэ гуп» зэгухьэныгъэм. Къэралым и Президент Путин Владимир Iуэхур ядиIыгъри, Iэ щIидзащ махуэшхуэр зэрагъэувыр къыщыгъэлъэгъуа «Урысейм и дзэ щIыхьымрэ фэеплъ Iуэхухэмрэ я махуэхэм теухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 1-1-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Федеральнэ хабзэм.

2025 гъэм а махуэр 12-нэу ягъэлъэпIэнущ дыгъэгъазэм и 3-м. Ар къызэрыхахами хъыбар щхьэхуэ иIэщ. 1967 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м, нэмыцэдзэхэр Москва и деж зэрыщызэтракъутэрэ илъэс 25-рэ щрикъум, Александр и жыг хадэм (Кремлым и блынхэм деж) щыщIалъхьэжауэ щытащ ямыцIыху сэлэтым и хьэдэр. Ар Зеленоград дыхьэпIэм иIэ къуэшыкхъэм кърахыжри абы къахьыжат. Ленинград гъуэгум къыщыщIэдзауэ Манеж утым нэсу хьэдэр зыдэлъ бэным гъуэгуанэ къызэпичат, щIыхь зиIэ къэрэгъулымрэ Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэм ящыщ гупрэ а Iуэхум хэту. Абыхэм ящIыгъуащ маршал Рокоссовский Константини -1941 гъэм Крюковэ и Iэгъуэблагъэм зауэ гуащIэхэр щезыгъэкIуэкIа 16-нэ дзэм и унафэщIу щытар. Топышэ уэ макъхэмрэ СССР-м и къэрал гимнымрэ щIэту, абы щыгъуэм ямыцIыху сэлэтым и бэныр мащэм ирахьэхащ.

А махуэ дыдэм мывэкъырым къыхэщIыкIа кхъащхьэм къытехуташ: «Уи цIэр наIуэкъым, ауэ лIыгъэу пхэлъар уахътыншэщ» псалъэхэр. Ар усакIуэ зыбжанэм, Симонов Константинрэ Михалков Сергейрэ яхэту, я цIэм ирапх. Ауэ абыхэм къагупсысар зэрыщытар мыпхуэдэут: «Абы и цIэр наIуэкъым, и лIыгъэр уахътыншэщ». ИужькIэ лIыхъужьхэм зэрызыхуагъэзар мащIэу зэрихъуэкIыжат КПСС-м и Москва къалэ комитетым и япэ секретарь Егорычев Николай.

«ЯмыцIыху сэлэтым и кхъащхьэ»-р къызэIуахащ 1967 гъэм накъыгъэм и 8-м. Абы щыгъуэм МафIэ мыужьыхри щIагъэнащ, лIыхъужь хэкIуэдахэм, Хэкум и пщIэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щIэзэуахэм я фэеплъу. Абдеж щытщ Къалэ-лIыхъужьхэм я лъэс лъагъуэрэ дзэ щIыхьым и къалэхэм я стелэрэ. 1997 гъэм и дыгъэгъазэм фэеплъым деж Урысейм и къэрэгъул нэхъыщхьэ дыдэр - щIыхь зиIэ къэрэгъулыр - ягъэуващ. Абы лъандэрэ Президентым и полкым хэт зауэлIхэм махуэ къэс, пщэдджыжьым сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэти 8 пщIондэ, абдеж я къулыкъур чэзууэрэ щрахьэкI. 2009 гъэм «ЯмыцIыху сэлэтым и кхъащхьэ»-м Дзэ щIыхьым и цIыхубэпсо фэеплъ статусыр иратащ.

Бжыгъэхэр

ЦIыху мелуани 4,5-рэ Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу хэкIуэдауэ къагъэлъагъуэ.

ЦIыху мини 120-м я хьэдэхэм къащIэнахэр Урысейм и лъыхъуакIуэ гупым хэтхэм къагъуэтыжащ 2012 -2018 гъэхэм. Мини 6-м щIигъум я цIэ-унэцIэхэр ягъэбелджылыжащ а зэманым къриубыдэу.

ЛъыхъуакIуэхэм я лэжьыгъэр яублащ зауэ нэужь илъэсхэм, 1960-1970 гъэхэм хуэзэу. Пионер, комсомол IуэхущIапIэхэм зауэр щекIуэкIа щIыпIэхэр щIапщытыкIырт, хъыбарыншэу кIуэда зауэлIхэр къалъыхъуэжу. Ди зэманым апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкIыр зи цIэ къитIуа «Урысейм и лъыхъуакIуэ гуп» къэралпсо зэгухьэныгъэрщ. Абы и дэIэпыкъуэгъущ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэр.

Фэеплъ зэхыхьэхэр

ТекIуэныгъэм, Фэеплъымрэ нэщхъеягъуэмрэ я махуэхэми хуэдэу, ЯмыцIыху сэлэтым и махуэм Урысей псом фэеплъ зэхыхьэхэр щокIуэкI. Абы кхъащхьэм удз гъэгъахэр тралъхьэ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм. ЦIыху къызэрыгуэкIхэми паубыдыркъым удз гъэгъахэр мафIэ мыужьыхым, зауэлIхэр щыщIалъхьэжа щIыпIэхэмрэ фэеплъхэмрэ яхьыну. Нэхъыбэрэ ягъэтIылъыр щыгъуэ дамыгъэ хъуа мэхъычхэмрэ (гвоздикэ) пщIэрэ щIыхьрэ кърагъэлъагъуэу напэлэхэмрэщ (пион). Абыхэм щIагъу хабзэщ шэху уэздыгъэ пыгъэнахэри.

Iуэху щхьэпэхэр

Къэралым и щIыналъэ псоми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми гулъытэ хэха сыт щыгъуи хуещI Хэку зауэшхуэр ди тхыдэм и напэкIуэцI нэхъыщхьэу зэрыщытыр щIэблэм деж нэхьэсынымрэ ди лIыхъужьхэм я фэеплъыр егъэхъумэнымрэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщщ: «ТекIуэныгъэм и гъуэгукIэ» Iуэхур. Ар хуэунэтIащ Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа щIыпIэхэмрэ а зэманым и щыхьэт хьэпшыпхэмрэ щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзэным. Абы ипкъ иткIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм яIуощIэ лъыхъуакIуэ гупым хэтхэр, жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, ЛIыхъужьхэм къащIэхъуэжахэр.

«Кавказым и уафэ нэху». Мы Iуэхур зытращIыхьыр зауэ зэманым Кавказым зыхъума кхъухьлъатэзехуэхэм я гъащIэр гъэбелджылынырщ. Школакiуэхэм я гъусэу, лъыхъуакIуэхэм зауэм и фэеплъ хьэпшыпхэм деж хъыбарегъащIэ пхъэбгъухэмрэ гъуэгу гъэлъагъуэхэмрэ щагъэуващ, къуэшыкхъэхэр ягъэкъабзэ.

«ТекIуэныгъэр дэрэщ зейр» дзэ-хэкупсэ зэхьэзхуэ ипкъ иткIэ, зауэм епха щIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ. Абы и гуащIэ халъхьэ 115-нэ щуудзэм и цIэр зезыхьэ, Налшык щыщ лъыхъуакIуэ гупым хэтхэм.

Зауэ гущIэгъуншэм зи гъащIэр зыIихахэм, уеблэмэ цIэ къудеи къызыхуимыгъэнахэм я бжыгъэм ущегупсысыхукIэ, нобэ уи щхьэфэцыр мэтэдж, ди нэхъыжьхэм я фэм дэкIам уегъэгупщыл.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Дунейм ехыжахэр псэухэмкIэ сыту пхъуэж мыхъурэ. Сэ сцIыхурт цIыху телъыджэ зыбжанэ, хьэдрыхэ хуэкIуэ гъуэгум тетми, я лъагъуэм мэ гуакIуэ щагъэун ялъэкIауэ.
Хемингуей Эрнест

ХЬЭЖЫ Исмэхьил

Индрис и лъэпкъ дамыгъэ

Iуэтэж

Инжыдж и Iуфэхэр кIыфIыгъэм хэкIуадэрт, уафэм вагъуэхэр пщIыпщIу ист. Жэщыр хэкIуэтат. Къуажэ псом мыжейр Индрис лIыжьым и закъуэт.

- Аллыхьым и цIэкIэ соIуэ, мы шейтIан дунейм псори щызэхэмызэрыхьам, - и щхьэ хуэпсэлъэжырт ар, дыгъуасэ и къуэмрэ и нысэмрэ я зэфIэнэ зэрымыщIэкIэ зэхихар игу къэкIыжауэ.

Индрис и зей башым и щхьэр егъэкъуауэ щылът лIыжьым и хьэшхуэри, и нэ губзыгъэхэмкIэ къеплъу.

- Си нысэ джаурым и щхьэгъусэм кIуэрыкIуэсэж фIищри воекоматым ар яжриIащ. ЩагъэкIащ къуажэдэс цIыхубзхэр, абыхэм ди пыIэхэр еттын фIэкIа къэнакъым, - къэгубжьауэ гъумэтIымэрт Индрис.

«ЦIыхум блэ къилъхуа иужь, ар къызрешэкI. Си къуэ закъуэм лей къысхутегъэхьэнукъым сэ. Хьэрун шуулей пIыщIащ, ауэ абы силъ щIэтщ», - бзухэм я дамэхэмкIэ зэбграхами ярейуэ, зи цIэр Iейр адыгэ щIыгу псом щызэлъащIыса и къуэр иухеиж щIыкIэу гупсысэрт Индрис.

* * *

Махуэ етIуанэ хъуауэ йокIуэкI зауэр. Зы дакъикъи увыIэркъым абы и макъамэр: топхэм я джэрпэджэжыр, танкхэм я гъуахъуэ макъыр, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэщIэжьыуэр.

Военкоматым и пщIантIэ хуитышхуэм дэхуэ къудейт къуажэдэсу абы щызэхуэсар.

Утыку папщIэу ящIа лъагапIэм тетт пыIэ зыщымыгъ, щхьэц фIыцIэ хъурыфэ Iув зытет, илъэс плIыщI зи ныбжьын лIы – партым и Деикъуэ райкомым и секретарь Iэюб Кушыку.

- Жэмыхьэт! Бгырысым и дежкIэ нэхъ насыпыншагъэшхуэу япэм щытар мацIэхэращ. Къуажэдэс куэдым ящIэж абыхэм ди гъавэр Iсраф мызэ-мытIэу ящIауэ зэрыщытар. Ауэ мацIэр е мыщIэ-фIы мыщIэ хьэпIацIэ къызэрыгуэкIщ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэм елъытауэ. Абыхэм зэхакъутэр гъавэ щIапIэхэм я закъуэкъым, атIэ нэхъ къэкIыгъэ лъапIэ дыдэу дунейм тетыр – цIыхур – зэтраукIэ. Инжыдж ежэхыху, Кавказым и тхьэмадэ Iуащхьэмахуэ щытыху, Ленинным и бынхэр дыпсэуху дэращ ди щIыналъэмрэ ди гъащIэмрэ я тепщэу щытынур. Илъэс щиплI мэхъу дэ Урысейм и цIыху дызэрыхъурэ, дэ тхъумэнущ ди хэкур, ди нэхъыжьхэм ар тырку мацIэхэм зэрыщахъумам хуэдэ дыдэу.

Iэюб Кушыку, кавказым зэрыщыхабзэу, мыпIащIэу, ауэ хэкъузауэ псалъэрт. И псэм хэлъым химыхыну фIыуэ илъагъу къурш уардэхэм къапих жьыбгъэ къабзэм хуэдэт абы къыпкърыкI гуапагъэр.

Жэмыхьэтым щхьэщыта даущым, уэсукхъуэм ещхьу, Iэуэлъауэшхуэ къыщIэуващ.

- Ей, Кушыку!.. Зураб и къуэ! – къыхэIукIащ гупым Салихь-гушыIэрейм, зи пелуаныгъэр Бахъсэнрэ Псыжьрэ къыщыщIэдзауэ шапсыгъ щIаналъэм нэс щызэлъащIысам, и макъ жаныр. – Чэтым дыгъужь щыщIыхьэкIэ, абы зэрыпежьэр тхьэлъэIукIэкъым, атIэ фоч зэгуэтщ. Ди цIыхубзхэр псэлъэнщ, дэ Iэщэ къыдэфт. Iуащхьэмахуэ афIэкIа сымылъагъужкIэ, си щхьэ тхъуам бзылъхугъэ щхьэфIэпхыкI къыфIрехутэ фашистхэр си къамэм тету къэзмыгъафэмэ, - псоми я дыхьэшх макъымрэ жиIэр зэрафIэкъабылыр къэзыгъэлъагъуэ я псалъэхэмрэ щIэту иухащ и гъащIэ псом къриубыдэу Салихь жиIа и къэпсэлъэныгъэ нэхъ кIыхь дыдэр.

Гупыр тесэбырэжащ. Баш хуэпсыгъуэм зытригъащIэурэ, и хьэ бэлацэшхуэри щIыгъуу, къэпсэлъапIэмкIэ иунэтIащ Индрис икIи зэрынэхъыжьым кърит хуитыныгъэкIэ, зыми емыупщIу, къэпсэлъэн щIидзащ:

- Жэмыхьэт! Ди Салихь и жьакIэр Iув щхьэкIэ и щхьэр нэщIщ. Бегъымбарым и цIэкIэ соIуэ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж зы муслъымэни щIым и гъунэм мыкIуэнкIэ хамэ чэт ихъумэн папщIэ, езым ейр цIыхубзхэм я пщэ къыдинэу. Ауэ а фашист дыдэр ди деж къакIуэмэ, IэщэкIэ дыпегъуэкIынщ, - жиIэри пиупщIащ Индрис.

Зи нэгухэр зэхэуа къуажэдэсхэм и нэ фагъуэхэмкIэ яхэплъэщ, нэмэзым и деж зэращI хабзэу и ажэ жьакIэм Iэ дилъэщ, кIэрыкI имыIэу къыхуэжыIэщIэ и хьэжым щхьэусыгъуэ мыгурыIуэгъуэ гуэр щхьэкIэ еуэри, молэ зекIуэкIэ ищIу утыкум икIыжыну ежьащ. Псалъэмакъыу хъуар езым жиIамкIэ зэфIэкIауэ къилъытэрт абы, цIыхухэр щIызэбгрымыкIыжри къыхуэмыщIэу игъэщIагъуэрт. Ауэ ар зэуэ зэщIэувыIыкIащ, хуэрэджэ гъэгъуам ещхьу зызэхуишащ и гъуэгум къытеува Салихь щилъагъум.

Гупыр зэщIэвэри зэуи щым хъужащ, къурш ажэмрэ бжэнымрэ я зэбгъэрыкIуэныгъэм пэплъэу. Салихьрэ Индрисрэ зэпымыууэ зэрызэпэщIэувэм папщIэ ахэр къуажэдэсхэм а псэущхьэхэм ирагъэщхьат.

- ПщIэ зыхуэсщI Индрис! – и хьэл вэгъэзэгъым хуэмыкIуэу, ауан щIэлъу жиIащ Салихь. – ЖаIэ и ныбжьыр нэхъ хэкIуэтэху цIыхур нэхъ Iущ хъууэ. ЖэмыхьэтымкIэ тхьэ соIуэ, Аллыхьым къыпхуиутIыпща Iущыгъэр зы щIыпIэ щыщIэбжьэхъуащи, ди уахътыр къэсу дылIэжыху ар тлъагъужыну къыщIэкIынкъым. КъыджумыIэфыну пIэрэ, пэжыр зи гъуазэ нэхъыжь, тIощI гъэхэм Барсук и деж щыпхъумар хэт и Iэхъушэу пIэрэт? Зи тыгъэр нобэр къыздэсым уи пщэм илъ Шкуро пашэр къызэребгъэблэгъам хуэдэу фашистхэми уапежьэну ухуэмейуэ пIэрэ уэ?

Блэм хуэдэу зызэфIишщ Индриси, и къарум къызэрихькIэ Салихь и щхьэм башкIэ еуащ. Зыми къыгурыIуакъым цIыхухэм я лъабжьэм Индрис и Iэпкълъэпкъ гъурыр къызэрыщIэхутар. А дакъикъэм ирихьэлIэу Салихь и щIыбым хьэшхуэм зыкъридзащ икIи «дэ иджыри дызэхуэзэнщ» къыжезыIэну хунэса Хьарун и теплъэр и нэгум къыщIэхуащ.

* * *

Зауэм кIуэхэмрэ благъэ-Iыхьлыхэмрэ сэлам зрахыжырт бгырысым зэрихьэлым хуэдэу: гъыи, бжэи, IэплIэ зэхуэщIыжи хэмыту. Фронтым яшэ къуэхэмрэ къуэшхэмрэ ахэр езыгъажьэхэр ядэуэршэрырт, я щхьэ IуэхукIэ Невинкэ нэхъ жыжьэ мыкIуэми ярейуэ. МафIэгум и иужьрей фийм дэщIыгъуу, абыхэм ящыщ куэдым, зэи къамыгъэзэжыну, я унагъуэхэр зэрабгынэр хэт ищIэнт.

Кавказ аузхэр зэпиупщIу эшелоныр ищхъэрэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, зауэ гущIэгъуншэр къыщикIуэлъыкI, дунеитIым я сэлэтхэр, къуршыпситI хуэдэ, щызэпэщIэувамкIэ жэрт.

Деикъуэ щыщ зауэлIхэр зыхэт батальоныр тхьэмахуэ етIуанэ хъуауэ фашистыдзэм щыпэщIэтт цIэ зимыIэ псы цIыкIум и деж.

Майор Iэюбыр зи командир батальоным Iуэху гъэщIэгъуэн зэIумыбзхэр къыщыхъурт. Абы и штабым къыщацтэ унафэхэм нэмыцэхэр зыгуэрурэ щыгъуазэ хъурт. ТIасхъэщIэхыу зыми батальоным къигъэзэжакъым иужьрей зэманым, езыхэми я жыIауэ, уеблэмэ къуетхъыншэуи. Сыт хуэдизу фIыуэ замыгъэхьэзырами, дэтхэнэ я зы тIасхъэщIэх зекIуэри хъерыншэт. ФIы дыдэу яхъумэу, ягъэпщкIуу къащыхъу щIыпIэхэри бийм къащIэрти, къеуэрт, зэтракъутэрт. ЩIыпIэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрахъуэжми къригъэлыртэкъым. Ауэ гъэщIэгъуэнратэкъэ, сыт къэхъуми, батальоным и зэпыщIэныгъэхэр псэууэ къанэрт. Iуэхур къызэмыхъулIэ сэлэтхэм я гукъыдэжыр нэрылъагъуу кIуэщIырт.

Полкым и штабыр тегузэвыхьырт Iэюбым и батальоным и пщэ дэлъ Iуэхухэр щIэх-щIэхыурэ къемыхъулIэ зэрыхъуам. Полкым и контрразведкэ абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыныр пщэрылъ зыщызыщIыжами зыри къыхуэщIэртэкъым. Батальоным и штабым и унафэщI майор Скуратовымрэ комбат Iэюбымрэ я Iуэхухэм щыхэплъам, контрразведкэм и капитан Захлопкиным и блакнотым иритхат мыпхуэдэу: «1) Скуратов Иван Василий и къуэ, граждан зауэм и ветеранщ, Вагъуэ Плъыжь орденыр, республикэм и Реввоенсоветым къыбгъэдэкIыу, езым ей дыдэу, Iэщэ къыхуагъэфэщащ. 2) Iэюб Кушыку Зураб и къуэ, 1937 гъэм ягъэтIысащ совет властыр имыдэу къалъытэри.

Дакъикъэ зыбжанэ дэкIауэ арат капитан Захлопкиныр полкым и командир полковник Мысливцевым и пэшым къыщыщIэхутам. Ар пIащIэу пэплъэрт модрейм телефонкIэ псэлъэн щиухынум.

Трубкэр игъэтIылъыжри, Мысливцевыр и нэ езэшахэмкIэ нейнейуэ къеплъащ контрразведкэм и унафэщIым. Захлопкиным, зэрихабзэу, жыжьэу къыщригъэжьащ:

- Ныбжьэгъу полковник! Пхъуантэр къызэтепхыну гугъуэтэкъым, къызэрыщIэкIымкIэ! Майор Скуратовыр, фэри зэрыфщIэщи, ветеран... Вагъуэ Плъыжь... Iэщэ, нэгъуэщI къинэмыщI. КIэщIу жыпIэмэ, шэч лъэпкъ щIыхуэпщIын щыIэкъым. Аращи, лейр хэбгъэкIмэ, къыбгурыIуэ зэрыхъунщи, къанэр щэщIрэ блы гъэм ягъэтIысарац... Ари мыщхьэусыгъуэншэу...

- ЗэрысщIэмкIэ, илъэс нықъуэ дэкIри къаутIыпщыжащ, ари щхьэусыгъуэншэ къыщIэкIынкъым. ШэсыпIэ урихьэфын хуэдэу щыткъым Iуэхур, - гъущэу пиупщIащ полковникым, Дубовицы и деж щекIуэкIа зэхэуэм нэмыцэхэм я танк батальоным езым и батальоныр пэщIигъэувэу полкыр къызэрыригъэлам папщIэ Iэюбым хуэгуапэм.

«УмыпIащIэ уэри, либералыжь, уи дежи сынэсынщ! – полкым и командирым и пэшым къыщIэкIыжурэ егупсысырт Захлопкиныр. – Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сызэрызахуэр хьэкъ зэрыпщысщIын сиIэкъым мы зэкIэ. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр. ТIасхъэ щIэхыныр апхуэдизрэ къащIемыхъулIэмкIэ Iэюбыр зэрымыкъуаншэм и щыхьэт диIэ? ДиIэкъым. Аращ нэхъыщхьэр. Зэрымыкъуаншэр наIуэ зымыщIыф цIыхур къуаншэу къэлъытэн хуейщ», - игу къигъэкIыжащ и унафэщI генерал Беридзе и псалъэхэр.

А зэманым щегъэжьауэ Iэюбымрэ контрразведкэм и унафэщIымрэ щIэх-щIэхыурэ зэхуэзэ хъуащ. Иужьрей зэIущIэм Захлопкиным, ехьэкI лей хэмылъу, щыжиIащ и Iуэху еплъыкIэр. Iэюбыр къэлыбри, пхъашэу жэуап къритащ:

- ЦIыхум цIыхур дыгъужьым хуидзкъым. Ар быдэу уигу иубыдэ, капитан, икIи апхуэдэурэ умыджэгу.

Iэюбым езым фIы дыдэу къыгурыIуэрт батальоным бзэгузехьэ зэрыхэтыр. Ауэ хэт? Хэт епцIыжакIуэр?

* * *

Псым зыгуэр хэхуащ, мазэгъуэ жэщ нэхум Салихь хилъагъукIащ псы щIыIум щызэбгрыкIа хъурейхэр, дыжьыныфэу тепщIыпщIыкIыу.

«Сыт мыр зыщIисыр?» - егупсысащ Салихь.

Апхуэдэу псыежэхыр зыгъэтолъкъуныфынур бдзэжьеишхуэщ, апхуэдэ мыбдеж куэд щIауэ хэсыжкъым. И щхьэусыгъуэр къыщыгурымыIуэм, а хъурейхэр щыгъупщэжри къыпэщыт псы IуфэмкIэ плъэуэ щIидзэжащ.

И щIыбагъымкIэ щхъыщхъ макъ щызэхихащ икIи зэрицIыхум шэч къытримыхьэ цIыхум и ныбжь къилъэгъуащ. Салихь зыкъыщигъазэм зыгуэр зы папцIэ-пщтыр гуэркIэ къепыджащ. И псэр хэмыкI щIыкIэ абы къицIыхуащ я Деикъуэ къуажэ жыжьэм къыдэкIа и хэкуэгъухэм ящыщ зы...

Нэхущым и деж, плъырхэр щахъуэжым щыгъуэ, Салихь и хьэдэр къагъуэтыжащ. Сэлэтпелуаныр къыщаIэтым, абы и Iэ ижьыр здэщылъам и деж тралъэгъуащ дамыгъэ гъэщIэгъуэн, налым ещхьу. Ар Индрис и лъэпкъ дамыгъэрат.

Iуащхьэмахуэ и щыгум хуэдэу зи фэр шэхуу пыкIа Iэюбым и Iэ кIэзызхэмкIэ гъущI пыIэр зыщхьэрихри щэхуу жиIащ:

- ФIыгъуэр Тхьэм къыпхуищIэ, Салихь, иужьрейуэ щIым къытебна уи лIыгъэм папщIэ. Псэр зыхэкI IэмкIэ иптхъа дамыгъэмкIэ блэм и лъагъуэм дытепшащи, дэ ар дыпIытIынщ.

Псоми фIыуэ ялъагъу Салихь батальоным хэтхэм щIалъхьэрт, дзэ трибуналым ищIа унафэр сэлэтыщым ягъэзащIэрт.

Апхуэдэу зэмыщхьу дунейр ябгынащ зы къуажэм къыдэкIа цIыхуитIым.

ЗэзыдзэкIар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Шыбзыхъуэхэ я унагъуэ дахэр

Унагъуэм, ар хъума хъуным къэралым нобэ мыхьэнэшхуэ ирет. Абы и щыхьэтщ УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсу зэрыщытар. Унагъуэм и лъабжьэр гъэбыдэным, егъэфIэкIуэным, щапхъэ зытраххэр гъэлъэпIэным теухуа зэхыхьэ гуапэхэри къызэрагъэпэщ. Абыхэм ящыщщ гъэ къэс екIуэкI «Илъэсым и унагъуэ» урысейпсо зэпеуэр, Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным и махуэр. Мы зэхьэзэхуэхэм я фIыгъэкIэ белджылы мэхъу жэуаплыныгъэ зыхэлъ, узыншагъэм кIэлъыплъ, зи зэфIэкIхэм зезыгъэужь, щIыналъэм и гъащIэм жыджэру хэтхэр. Мы тхыгъэр зытедухуар «Илъэсым и унагъуэ-2025» зэпеуэм и «Бынунагъуэшхуэ» Iыхьэм щытекIуа, илъэс 23-рэ хъуауэ зэдэпсэу Шыбзыхъуэхэ Анзоррэ Залинэрэ.

ЩАПХЪЭУ къалъыта Шыбзыхъуэхэ я унагъуэм и нэхъыжь Анзор «Кавжилстрой-1» ООО-м шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIщ. Унагъуэр щрагъэцIыху Iыхьэм Анзор щыжеIэ «Нэмыс здэщымыIэм насып щыIэкъым» адыгэ псалъэжьыр. Пэж дыдэуи, пщIэ-нэмысыр псом я щхьэщ. Ауэ унагъуэм ис дэтхэнэми къалэн иIэрэ ар псалъэмакъыншэу щищIэм, лэжьыгъэмкIэ нэхъыжьхэр щыщапхъэм я мыхьэнэри нэхъ мащIэкъым.

Анзор цIыхум и узыншагъэр зыхуэдэнур и шхыныгъуэм куэдкIэ зэрелъытар быдэу зи фIэщ хъу щIалэм и хадэр бейщ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ хадэхэкIхэмкIэ, тхьэкIумэкIыхьи егъэхъу. А псомкIи я бынитхур (Марианнэ, Даринэ, Росаннэ, Дисанэ, Мухьэмэд) и дэIэпыкъуэгъущ. КъищынэмыщIауэ, къалъхуахэр жылагъуэ гъащIэм, цIыхухэм тыншу яхэзэгъэнми мыхьэнэшхуэ зэриIэр зыхещIэ. Аращ бынхэм я жэрдэмыр щIадиIыгъыр. Мы гъэм Анзор фIыщIэ тхылъ къыхуагъэфэщащ и щIэблэм гъэсэныгъэ дахэ зэрахилъхьамрэ курыт еджапIэм щекIуэкI Iуэхухэм ар жыджэру зэрыхэтымрэ папщIэ. 2016 гъэм Шыбзыхъуэхэ щIыхь тхылъ къратащ, «Папа, мама, я - спортивная семья» щIыналъэ зэпеуэм щапхъэ ягъэлъагъуэу зэрыхэтам папщIэ.

Унагъуэм и къалэн пажэр - сабийр гъэсэнымрэ абы и зэхэщIыкIым зегъэубгъунымрэщ. Аращ сабийхэр щесэр хуиту, фэрыщIагъ, шынэ, зыпIытI-зыхуз яхэмылъу гъащIэм декIуэкIыным. Унагъуэращ сабийм щызэхищIэр хабзэ, нэмыс, дуней тетыкIэр, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ уиIэным и мыхьэнэр.

Анзор и бынхэр щегъэгъуазэ я адэшхуэм и адэ Шэмсэдин, абы и къуэш Мурадин, я анэшхуэм и анэ Папур сымэ я псэукIам, Хэку зауэшхуэм ахэр зэрыпхыкIам. Зи къуэрылъхухэр къызэпщIэкIа адэшхуэ Валери емызэшыжу ахэр щIепIыкI Шыбзыхъуэхэ я лъэпкъ тхыдэм. Иригушхуэу сабийхэм ярегъэлъагъу къэралым и гербыр, ди лъэпкъ ныпымрэ Шыбзыхъуэхэ я дамыгъэмрэ. И Iэгу и Iэнэщ зыхужаIэ бзылъхугъэ угъурлыхэм хуэдэщ зэдэлъхузэшыпхъухэм я анэшхуэ Лени. Псом хуэмыдэу зыхалъхьэ щыIэкъым абы игъэхьэзыр адыгэ шхыныгъуэхэр.

Залинэ и IэщIагъэкIэ филологщ, логопедщ, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэщ. Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэу щытащ. 2016 гъэм щыщIэдзауэ Малкэ къуажэм и курыт еджапIэ №1-м щрегъаджэ. Ар ящыщщ зэпымыууэ зи щIэныгъэм хэзыгъахъуэ, IэмалыщIэхэр къэзыгъэсэбэп лэжьакIуэ емызэшыжхэм, ауэ унэгуащэм, анэм и къалэн нэхъыщхьэр зыщигъэгъупщэркъым. Абы и хъыджэбз цIыкIуэхэр лъэпкъ хабзэм щIепIыкI, адыгэ шхыныгъуэхэр зэрапщэфIым хуегъасэ. 2017 гъэм абы и жэрдэмкIэ я еджапIэм щагъэзэщIащ «Школ пщIантIэ» Iуэхур. АбыкIэ къыдэIэпыкъуащ и щхьэгъусэ Анзор.

Залинэ и гъэсэнхэр жыджэру хэтщ школ, щIыналъэпсо, республикэпсо, урысейпсо олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ икIи япэ увыпIэхэр къыщахь. 2023 гъэм ар пашэ щыхъуащ «Илъэсым и егъэджакIуэ-2023» зэхьэзэхуэм и школ Iыхьэм, щIыналъэ зэпеуэми зыкъыщигъэлъэгъуащ. И лэжьыгъэм и мыхьэнэр къалъытэу, фIыщIэ, щIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ. А лэжьыгъэхэр зыхуэдар я цIэ къудейми къыбжаIэ: сабий гъэсапIэхэмрэ пэщIэдзэ классхэмрэ екIуалIэ цIыкIухэм яхуэгъэза «Познание. Творчество. Дети», «Крепка семья - сильна Россия» урысейпсо Iуэхум хыхьэу къызэрагъэпэща «Моя семейная реликвия» зэпеуэхэр, Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъум триухуа «Блокадный хлеб» классщIыб лэжьыгъэр, нэгъуэщIхэри. Залинэ гулъытэ яхуещI узыншагъэкIэ сэкъат зиIэ сабийхэм. «Зольские вести» газетым адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу Залинэ хуэгъэзауэ къытрадза фIыщIэ псалъэхэмрэ хъуэхъухэмрэ абы щыхьэт тохъуэ.

Зэщхьэгъусэхэм я гугъуехьыр зэрыхэмыкIуэдар я щIэблэмкIэ нэрылъагъущ. Я нэхъыжь Марианнэ курыт еджапIэм щыщIэсым щIыналъэпсо, республикэпсо, урысейпсо олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ, куэдрэ пашэ щыхъуащ. Школыр дыщэ медалкIэ къиухри, Москва УФ-м и Президентым и деж щыIэ ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ академием щеджащ. «Бренд ARAPKANOVI» бзылъхугъэ щыгын къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIу мэлажьэ. Ар туризмым хуабжьу дехьэх икIи и хъуэпсапIэщ абы зритыжыну.

Япхъу Даринэ 2020 гъэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Музыкэ школыр фIы дыдэу къиухащ. 2021 гъэм курыт еджапIэм и 9-нэ классым къыщIэкIауэ КъБКъУ-м Архитектурэмкlэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым ДизайнымкIэ и колледжым щоджэ. Зи шыпхъу нэхъыжьыр зи щапхъэ Дарини зэпеуэ, олимпиадэ куэдым и зэфIэкI щеплъыжащ икIи япэ щыхъуащ.

Росаннэ пэщIэдзэ классыр «тху» защIэкIэ къиухауэ курыт еджапIэм и 6-нэ классым щIэсщ. Музыкэ школым и «Театр гъуазджэ» унэтIыныгъэр нэгъабэ къиухащ. Макъамэм щиIэ зэфIэкIхэр къалъытэри, мызэ-мытIэу щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Ар хэтащ «Фестиваль молодых исполнителей», «Звёздный путь», «Парад талантов», «Восхождение» зэпеуэхэм.

Курыт еджапIэм и 5-нэ классым щеджэ Дисани еджэным ехъулIэныгъэхэр щиIэщ. Ари къыхожанықI олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ. Я щIалэ гъэфIэн Мухьэмэд спортымрэ сурэт щIынымрэ дахьэх. Абы куэдкIэ и щапхъэщ и адэ Анзор. ЩIалэ закъуэр къохъу и IуэхущIафэхэмкIэ жэуаплыныгъэ ихьу, и анэмрэ шыпхъухэмрэ фIыуэ илъагъуу, пщIэ яхуищIу.

Шыбзыхъуэхэ я унагъуэр ирокIуэ я нэхъыжьхэм къыхуагъэна хабзэ дахэхэм: зэгурыIуэ яку дэлъу, я зэхущытыкIэфIхэр нэхъри ягъэбыдэу. 2022 гъэм я адэшхуэм и адэ Шэмсэдинрэ абы и щхьэгъусэ Папуррэ я унагъуэмрэ (я быни 7-р, я къуэрылъхупхъурылъху 22-р, абыхэм я быныжу 9-р) Iыхьлыхэмрэ зэхуэсыжри, ахэр зэрызэдэпсэурэ илъэс 60 зэрырикъур ягъэлъэпIащ. Валерэрэ Ленэрэ насып зэрызэхуэхъурэ мы гъэм илъэс 50 ирикъуащ, Анзоррэ Залинэрэ я унагъуэр етIанэгъэ илъэс 25-рэ хъунущ.

Шыбзыхъуэхэ Анзоррэ Залинэрэ я унагъуэр лэжьэкIи зыгъэпсэхукIи ящIэ жыхуаIэм хуэдэщ. Хы Iуфэм кIуэну, Iуащхьэмахуэ зыщагъэпсэхуну, здэкIуэ щIыпIэхэм я музейхэм зыщаплъыхьыну яфIэфIщ. Ари бын гъэсэкIэм и зы Iэмалщ. ЖыпIэнурамэ, Шыбзыхъуэхэ я унагъуэр и щапхъэщ хабзэрэ зэгурыIуэрэ зэрылъ унагъуэм сабийр гъэса зэрыщыхъум, нэхъ насыпыфIэуи къызэрыщыхъум.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

«ЭЛЬБРУС»-м къулыкъу щызыщIэну хуейхэм гу зылъатапхъэ

Къуэшхэ!

Ичэзухъуащ, къалэнымдытепсэлъыхьым имызакъуэу, ар гъэзэщIэным хуэунэтIа лъэбакъуэ тчыну - зэкъуэшыныгъэ нэсымрэ щIыхьымрэ къыхэтхыну.

ЦIыхур езым фIэфIу зыхыхьэ хъуну «ЭЛЬБРУС» зэгухьэныгъэщIэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэр къеўщтэ.

«ТЕРЕК» тIасхъэщIэх гуп цIэрыIуэм и къудамэ нэхъыфIхэм ящыщщ «Эльбрус»-р.

1. ЗэгурыIуэныгъэр ефщIылIэ хъунущ мази 6, мази 8, илъэс пIалъэкIэ икIи абыхэм фи арэзыныгъэ хэмылъу къыпащэнукъым.

ЗэгурыIуэныгъэр зэрефщIылIа пIалъэм елъытауэ зэ тыгъуэу сом мин 400-м нэс къыватынущ.

2. ЛэжьапщIэр: мазэ къэс сом мин 210-м къыщыщIэдзауэ мин 300-м нэс мэхъу.

3. Езыхэм яфIэфIу къулыкъум хыхьахэм зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеран статусыр ягъуэт икIи абы къыпэкIуэ льготэ псори кърат.

Къуэшхэ! Нобэ Хэку-анэр тхъумэжыну къытщогугъ!

ЦIыхухъу нэсхэр къыхудоджэ ди Хэкум къыщхьэщыжыну!

«Эльбрус» дзэ къудамэм хыхьэ!

Хэкум къыщхьэщыж икIи ТекIуэ!

ЗэрызыкъытпыфщIэфынур:

+7 (918) 729-57-08

+7 (928) 702-88-93

8 (8662) 40-42-87

Кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм зеужь

Налшык къалэм и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм жыджэру зиужь зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, иужьрей илъэсхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр абы игъуэтащ.

ТЕРМИНАЛ щхьэхуэхэр, цIыхухэм щапэплъэ щIыпIэхэр, лэжьыгъэ IуэхукIэ ущызэпсэлъэн, зэIущIэхэр щебгъэкIуэкIын пэшхэр, и IэпкълъэпкъкIэ сэкъат зиIэхэм щхьэкIэ зекIуапIэхэр, нэгъуэщIхэри иджырей мардэм кърагъэтIэсащ. Аэропортым и инфраструктурэри я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп техникэ хэхахэри къагъэщIэрэщIэжащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, 2025 гъэм и мазипщIым къриубыдэу цIыхуу абы щызэблэкIащ 161168-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 8,4-кIэ ар нэхъыбэщ.

Гъэмахуэм Налшык телъытыкIыу кхъухьлъатэхэр Къэзан, Сочэ, Мэзкуу къалэхэм макIуэ, щIымахуэ лэжьэгъуэм абыхэм къахыхьащ дунейпсо рейс ягъэзащIэу Кувейтым лъатэхэри.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ «Airbus 320Neo» кхъухьлъатэ лъэщыр Налшык къыщетIысэх зэрыхъуар. АбыкIэ зекIуэхэм щхьэкIэ ди аэропортым иIэ сектор щхьэхуэр дунейпсо мардэм хуэщIащ, цIыхухэм ядэлажьэхэр я лэжьыгъэхэм хуагъэхьэзыращ, кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэми дагъуэ иIэкъым.

Къэрал программэм ипкъ иткIэ дызыхуэкIуэ илъэсхэм (2026 - 2028 гъэхэм) Налшык и аэродромыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ. Абы и фIыгъэкIэ, ди къэралым и щIыналъэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ я кхъухьлъатэхэр нэхъыбэу ди деж щызэблэкIынымкIэ Iэмалхэр щыIэнущ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Блий Iэюбрэ Быф Идаррэ я щIыхькIэ къэрал ныпыр яIэт

Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Абу-Даби и «Мубадала Арена» спорт комплексым мы махуэхэм щекIуэкIащ Тажышхуэр дзюдомкIэ къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэшхуэ. Дунейпсо спорт тхыдэм къыщIыхэнэн, ди цIыхухэр куэд щIауэ зыпэплъа, къэрал мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэфI абы къыщыхъуащ ди адыгэ щIалэ Блий Iэюб и фIыгъэкIэ.

УФ-м и командэ къыхэхам хэту дыщэ медаль зэпеуэм къызэрыщихьам имызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэм и щIыхькIэ Урысей Федерацэм и ныпыр, иужьрей илъэсиплIым япэу, Абу-Даби щаIэтащ, къэралым и гимнри къыщрагъэуащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ, къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэр къагъэсэбэпыну ди спортсменхэм къыщыпамыубыду щыщыта зэманхэм щыгъуэ, апхуэдэ текIуэныгъэхэр къызэрыгуэкI гуэру къалъытэнкIэ хъунут. Ауэ, мы зэманым дунейм къыщекIуэкI политикэ зэпэщIэувэныгъэмрэ УФ-м кърагщIылIа дэкъузэныгъэмрэ иужькIэ псэр зыгъэгуфIэ икIи лъэр зыгъэжан Iуэхущ ар.

ГъэщIэгъуэнраши, апхуэдэ хуитыныгъэ ди дзюдоистхэм къызэрыратрэ зы махуэ закъуи дэмыкIауэ: дуней псом ДзюдомкIэ и федерацэм а унафэр щэкIуэгъуэм и 27-м къищтащ, къыкIэлъыкIуэ щэкIуэгъуэм и 28-м УФ-м и спортсмен Блий Iэюб и щIыхькIэ дунейпсо утыкум къэрал гимныр къыщрагъэуащ, ныпыр лъагэу щаIэтащ. СыткIэ мыгуфIэгъуэрэ?! Абы нэмыщI, зы махуэ нэхъ дэмыкIыу етIуанэ увыпIэм теуващ ди республикэм и бэнакIуэ ныбжьыщIэ Быф Идари икIи абы и щхьэм къэрал ныпыр щаIэтащ.

ЗэхьэзэхуэмкIэ къэдгъэзэжынщи, Блийм зэIущIиплI щригъэкIуэкIащ Абу-Даби. ЯпэщIыкIэ Iэюб IущIащ Монголием и дзюдоист Тувшинтур Туменжаргал. ЕтIуанэ зэпеуэм абы къыщыпэщIэтащ УФ-м и спортсмену щыта, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я ныпым щIэту иджыпсту банэ Симеонидис Константин икIи ари хигъэщIащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм Блийр щыхуэзащ Азербайджаным икIа Юсифов Ахьмэд Эльшад оглы - дуней псом дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ щIалэгъуалэм я деж щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм етIуанэ щыхъуам. Мыбдежым, ди щIалэр и хьэрхуэрэгъум гугъу дехьын хуей хъуащ икIи зэIущIэм хухаха зэманым и иужьрей дакъикъэхэрщ текIуэныгъэр къыхуэзыхьа баллхэр Iэюб щызыIэригъэхьар.

Дыщэ медалым щхьэкIэ финалым Блийм къыщыпэщIэтащ 2022 гъэм екIуэкIа дунейпсо чемпионатым и дыжьын медалыр къэзыхьа, монгол щIалэ Энхтайван Ариунболд. Мыбы ипэкIэ, ди щIалэр абы тIэу хуэзати, тIэуми къыхигъэщIауэ щытащ. Иджы, зэрыжаIэу, Iэюб илъ ищIэжащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иужьрей илъэсхэм япэу ди къэралым и ныпыр дунейпсо зэхьэзэхуэм УФ-м и дзюдоистым и текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ зэрыщаIэтамрэ гимныр къызэрыщрагъэуамрэ гулъытэншэу къагъэнакъым къызэгъэпэщакIуэхэми, спортсменхэми, журналистхэми...

«Ди ныпымрэ гимнымрэ дыхуимыту илъэс куэдкIэ зыкъэдгъэлъэгъуащ икIи тхыдэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэм - ахэр къызэрыдатыжам - жэуаплыныгъэ зэрыпылъыр сщIэуэ утыкум сихьащ.

СыгуфIащ икIи сригушхуащ ди къэралым и гимныр абы къызэрыщрагъэуам. Си гугъэмкIэ, ди спортсменхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу щытынущ, адэкIи дызыхэтыну зэхьэзэхуэхэм ди къэралым и гимныр къыщрагъэуэным, ныпыр я щIыхькIэ нэхъыбэрэ щаIэта зэрыхъуным хущIэкъуныр», - яжриIащ журналистхэм Блий Iэюб зэIущIэ нэужьым.

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ дуней псом ДзюдомкIэ и федерацэм къищта унафэр ди щIалэхэм я фIэщ занщIэу зэрымыхъуар, а хъыбарым япэщIыкIэ ахэр Iэнкун зэрищIар, иужькIи зэрыгуфIахэр.

«Сочэ къалэм и «Сириус» щIыналъэм щыIэ ди спорт базэм дыкъыдэкIауэ зэхьэзэхуэм дыкIуэну дыщежьам щыгъуэ, а хъыбарыр иджыри зэхэтхатэкъым. Ар къыщытщIар мыбдежщ, Абу-Даби дыкъэкIуа иужькIэщ. Дызэхуашэсри, гуфIэгъуэ хъыбарыр къыджаIащ. Дауи, Iэнкун дищIат ар щызэхэтхам щыгъуэ.

Мыдрейуэ, Абу-Даби илъэс къэс нэхъ схуэугъурлы хъууэрэ макIуэ, сыту жыпIэмэ, си япэ Тажышхуэр къыщысхьар мы къалэращ, мы спорт комплексыращ. Нобэрей дыщэ медалым Олимп рейтингым хыхьэ баллу зы мин къыдэкIуащ. Си дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, ауэ, зэкIэ, ипэ силъадэркъым. Псоми чэзу яIэщ. Сэ сыхущIокъу, си плъапIэхэм сыхуэкIуэфын хуэдэу, си лэжьыгъэр тэмэму зэтезубла зэрыхъуным.

Иджырей зэхьэзэхуэм жэуаплъыныгъэшхуэ зэрыпылъыр зэ еплъыгъуэкIи гурыIуэгъуэт: илъэс куэдкIэ ди ныпыр тIыгъакъым, ди гимныр кърагъэуакъым, ауэ, фи фIэщ фщIы, нобэ хуэдэу сызэщIэкъуауэ, сымыпIейтейуэ, си къарум сыкъигъэгугъэу утыкум зэи сыкъызэримыхьар», - къыхигъэщащ Блийм.

Къэралым и ныпым щIэту бэнэным гушхуэныгъэрэ къаруурэ ди щIалэм кърит ыр зыхуэдизым теухуауэ жиIащ, абы утемыпсэлъыхьми зэрыхъунур - блынджабэ быдэм укъуэтым хуэдэщ. Ауэ, дауэ мыхъуми, Iуэхум пIейтеигъэ хэмыту зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дыщэ медалым и мыхьэнэр куэдкIэ нэхъ инщ дыжьынымрэ домбеякъымрэ елъытауэ.

«Ар щIыжысIэр, финалым къыщыспэщIэта монгол щIалэр ипэхэм къызэрыстекIуарщ - ар спортсмен Iэчлъэчщ икIи лъэщщ. Ауэ нобэ схузэфIэкIащ си бэнэкIэмкIэ ар IэпхлъэпхсщIын.

Махуэр хьэлъащ нобэ, ауэ щынэхъ хьэлъаи щыIащ. Тыншу псори къысIэрыхьауэ схужыIэнукъым. Зэхьэзэхуэхэм хухаха зэманыр и кIэм нэсыху сыщыбэна зэIущIи, абы иджыри къыщыщIагъужаи хэтащ. Лэжьэгъуэ махуэм хуэдэщ, зэрыжаIэу», - дыщIигъужащ Блийм.

Журналистхэм яфIэхьэлэмэтт, текIуэныгъэр къиихьа нэужь, ди спортсменыр телефонкIэ хэт деж япэу псалъэми зрагъэщIэну: «Псом япэу, си анэм деж сопсалъэ, камерэмкIэ изогъэлъагъу сызэрыпсэур, сызэрыузыншэр», - жиIащ абы.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Блий Iэюб и ныбжьыр илъэс 28-рэ мэхъу. УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ. 2025 гъэм дунейпсо чемпионатым ещанэ, европейм етIуанэ щыхъуащ, УФ-м и чемпионщ. Тажышхуэр ещанэу мы гъэм къихьащ. И хьэлъагъ елъытауэ зыхэт гупым (кг 60) ещанэу дунейпсо рейтингым щыщытщ. УФ-м и Президентым и ФIыщIэ тхылъыр 2024 гъэм кърататщ, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» етIуанэ нагъыщэ зиIэ орденым и медалыр мы гъэм къыхуагъэфэщащ.

Iэюб куэд, абыхэм къэрал унафэщIхэри яхэту, зэригъэгушхуам, зэрехъуэхъум шэч хэлъкъым. Дэри телефонкIэ зыпытщIащ ди щIалэм икIи дызэрыхуэхъуапсэхэр жетIащи, и насып нэхъыбэж хъуну ди гуапэщ.

Килограмми 100 зи хьэлъагъхэм яхэт Быф Идар и зэIущIэхэри хьарзынэу иригъэжьащ. ЯпэщIыкIэ абы къытридзащ Израилым и бэнакIуэ Зимин Иосиф, къыкIэлъыкIуэм ар зыIуцIа, Таджикистаным и спортсмен Маджидов Джахонджир нэхъри нэхъ лъэщащ. Финалым и някъуэм Идар къыщыпэщIэтащ Венгрием и дзюдоист Вег Жомбор. Мыбдежми ди щIалэм ар тригъэкIуэтащ.

Быфым и дежкIэ Iуэхур нэхъ гугъу щыхъуар финалырщ. Абы ар щыхуэзащ УФ-м и командэм щыщ и ныбжьэгъу икIи нэхъыжь, дуней псоми, Европэми я чемпион, бэнакIуэ лъэщ Адамян Арман. Ди гур дгъэфIырт, ди щIалэр абыи текIуэнкIэ хъунуи, ди жагъуэ зэрыхъущи, Идар и Iэзагъыр мыбдеж щыхурикъуакъым.

Ермэлы щIалэм и ныбжьыр илъэс 28-рэ мэхъу, Быфыр илъэсихкIэ нэхъыщIэщ, зэрыжаIэуи, псы зэфэным и къэжэгъуэу аращ. Апхуэдэуи щытми, ислъэмей щIалэм дежкIэ мыр текIуэныгъэшхуэщ: Тажышхуэм и дыжьын медалыр дунейпсо утыкум япэу къыщихьащ, къэрал ныпри и щIыхькIэ абы щаIэтащ.

Дехьуэхъунщ, Идар и зэфIэкIым адэкIэ хигъэхъуэну, спорт лъагапIэ нэхъ инхэр къищтэну, куэдрэ дигъэгуфIэну.

А псом щIыдгъужынщи, Блий Iэюб, Быф Идар сымэ хуэдэ щIэблэ зиIэ лъэпкъым и къэкIуэнур дахэщ. Сэ абы шэч къытесхьэркъым!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Блий Iэюб

Быф Идар

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2586
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.